



Pou Piblikasyon Imedya: 13/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 5.8 MILYON DOLA POU REYABILITE EPI
REPARÈ 338 KAY PWOPRIYETÈ YO OKIPE ATRAVÈ NEW YORK**

***Pwogram nan te Akòde Anviwon 174 Milyon Dola pou Konstwi oswa Amelyore
plis pase 9,000 Kay Jiska Prezan***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gen 5.8 milyon dola pou konstwi, reyabilite epi repare kay 338 fanmi revni yo kalifye atravè New York. Se Pwogram Devlopman Pwopriyete a Bon Mache (Affordable Home Ownership Development Program) Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal, NYS HCR) ki akòde finansman sa, li jere pa Affordable Housing Corporation. Jiska prezan, pwogram nan te akòde anviwon 174 milyon dola pou kreye oswa amelyore plis pase 9,000 kay.

Gouvènè Cuomo te di: “Finansman sa ap ede plis Nouyokè nan chak kwen eta sa reyalize epi prezève pwopriyete Rèv Ameriken an. Ak pwogram sa, n ap franchi yon etap pou n asire ke chak Nouyòkè gen opòtinite pou genyen yon kote ki sekirize, desan epi a pri abòdab, ke yo ka rele lakay yo.”

Sibvansyon ki anonse jodi a ap fè amelyorasyon nan kay pwopriyete fanmi inik yo oubyen kay fanmi miltip yo okipe, kondominyòm oubyen kowoperativ; kay pwopriyete yo achte oubyen repare ki pou vann, ki enkli kay fanmi inik oubyen fanmi miltip, kondominyòm oubyen kowoperativ; epi konstwi nouvo kay pwopriyete yo okipe ki pou vann, ki enkli kay yon sèl fanmi oubyen kay fanmi miltip, kondominyòm oubyen kowoperativ ki enkli ranplasman kay fabrike ki delabre yo.

Delege Biwo Renovasyon Kay ak Kominote a (Homes and Community Renewal), RuthAnne Visnauskas te di: “Sekirite, lojman bon kalite fè pwomosyon fòs ekonomik pou fanmi ak kominote yo. Pwogram Pwopriyete a Bon Mache (Affordable Home Ownership Program) travay nan ede plis fanmi k ap travay di reyalize rèv pwopriyete yo epi simen rasin ki mennen nan katye ki pi stab e ki pi dinamik. Sibvansyon sa yo enkane angajman Gouvènè Cuomo pou asire ke tout Nouyokè gen aksè ak kay ki bon mache.”

Sibvansyon yo se:

Prèske 1.8 milyon dola pou 89 kay nan NY Lwès:

- 750,000 dola sibvansyon bay Cattaraugus Community Action, Inc. pou ede nan reparasyon anviwon 39 inite ki sitiye nan sit ki dispèse nan Konte Cattaraugus
- 400,000 dola sibvansyon bay Citizen's Opportunity for Development and Equality, Inc. pou ede nan reparasyon anviwon 16 inite ki sitiye nan sit ki dispèse nan Vil Jamestown, Konte Chautauqua
- 140,000 dola sibvansyon bay Citizen's Opportunity for Development and Equality, Inc. pou ede ak acha ak reyabilitasyon anviwon kat inite sou sit ki dispèse nan Vil Jamestown ak Konte Chautauqua
- 500,000 dola sibvansyon bay Buffalo Neighborhood Stabilization Co., Inc., pou ede nan reparasyon anviwon 30 inite sou sit ki dispèse nan kot lwès Vil Buffalo, Konte Erie

1.6 milyon dola pou 73 kay nan Finger Lakes:

- 350,000 dola sibvansyon bay Rural Housing Opportunities Corporation pou ede nan reparasyon anviwon 10 inite sou sit ki dispèse nan Konte Genesee, Monroe ak Orleans
- 750,000 dola sibvansyon bay Marketview Heights Association, Inc., pou ede nan reparasyon anviwon 25 inite sou sit ki dispèse nan Konte Monroe
- 491,000 dola sibvansyon bay NeighborWorks Rochester, Inc. pou ede nan reparasyon anviwon 38 inite sou sit ki dispèse nan Vil Rochester nan Konte Monroe

800,000 dola pou 120 kay nan Vil New York:

- 800,000 dola bay Neighborhood Housing Services nan Staten Island pou ede nan reparasyon anviwon 120 inite sou sit ki dispèse nan Konte Richmond

766,000 dola pou 29 kay nan Mohawk Valley:

- 490,000 dola sibvansyon bay Utica Neighborhood Housing Services, Inc., pou ede nan reparasyon 14 inite kay ki sitiye sou sit ki dispèse nan Vil Utica, Konte Oneida
- 276,000 dola sibvansyon bay Fulton County Community Heritage Corporation pou ede ak amelyorasyon anviwon 15 inite ki sitiye nan sit ki dispèse nan Konte Fulton

600,000 dola pou 20 kay nan NY Santral:

- 600,000 dola sibvansyon bay Divizyon Devlopman Kominotè Konte Onondaga (Onondaga County Community Development Division) pou ede nan reyabilitasyon anviwon 20 inite sou sit ki dispèse nan Konte Onondaga.

280,000 dola pou 7 kay nan Southern Tier:

- 280,000 dola sibvansyon bay Ithaca Neighborhood Housing Services, Inc. pou ede nan nouvo konstriksyon sèt inite kay an ranje nan Vil Ithaca nan Konte Tompkins

Pwogram Devlopman Pwopriyete a Bon Mache a (Affordable Home Ownership Development Program) bay jiska 40,000 dola pa kay nan minisipalite ki kalifye yo, otorite lojman minisipal yo ak lòt òganizasyon byenfezans ki pa pou pwofi ki elijib, ki devlope lojman bon mache oubyen ki ede pwopriyetè yo jwenn finansman ki nesèsè pou reparasyon.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418